

SEPTANM 2009

DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK

Obligasyon nan domèn medikal pou elèv ki fèk ap antre lekòl

(LEKÒL LETA, LEKÒL PRIVE, LEKÒL PAWASYAL, SANT AK LEKÒL GADRI)

Tout elèv k ap antre nan yon lekòl vil Nouyòk pou premye fwa dwe fè

yon ekzamen medikal konplè

Yo dwe fè nan ekzamen medikal konplè sa a :

- tout vaksen nesèsè

YO DWE KONTWOLE BAGAY SA YO TOU NAN EKZAMEN AN :

Pwa
Wotè
Pwa elèv la parapò ak wotè li
Body Mass Index (BMI)
Tansyon
Sante elèv la ak moun nan fanmiy li
Evalyasyon nitrisyon elèv la

Tès pou kontwole zye l
Tès pou kontwole jan l tandè
Tès pou kontwole dan l yo
Evalyasyon pou kontwole jan li devlope
Pou gadri sèlman :
Tès pou kontwole anemi
(vitès sedimantasyon globil wouj oswa pou kontwole emogloblin)

Evalyasyon ak tès pou kontwole si elèv la respire yon kantite plan ki anpwazone l

- Yo dwe evalye tout timoun ki poko gen laj 6 ane chak ane pou wè si yo te respire yon kantite plon nan anviwònman yo.
- Yo mande pou teste san tout timoun ennan ak dezan pou wè si pa gen plon ladan l, epi pou tcheke san lòt timoun ki poko gen sizan pou wè si te gen ris pou genyen plon nan anviwònman yo OSWA si yo pa gen dokiman ki di yo te fè tès la deja.
- Pou plis enfòmasyon, rele Pwogram pou anpeche anpwazònman ak plon nan 311.

Anplis, elèv Prematènèl ak elèv Matènèl dwe fè yon ekzamen konplè sou sante kò yo chak ane jiskaske yo gen sizan.

EKZAMEN TIBÈKILOZ POU NOUVO ELÈV K AP ANTRE LEKÒL SEGONDÈ

- Aprè lekòl primè, tout nouvo elèv k ap antre yon lekòl leta oswa lekòl prive nan vil Nouyòk (lekòl entèmedyè, de premye ane lekòl segondè *junior*, oswa lekòl presegondè, tout tip lekòl segondè) pou premye fwa, dwe fè tès po pou kontwole maladi tibèkiloz ki rele *Mantoux Tuberculin Skin Test* (yo rele l tou PPD) ki dwe endike nan dokiman an yon dat ki pwouve yo fè l ant 48 –72 èdtan nan po elèv la. Si elèv la te deja nan yon lekòl leta, lekòl prive oswa lekòl pawasyal nan vil Nouyòk, yo **pa** bezwen fè yon evalyasyon tibèkiloz. Yo dwe ekri rezilta yo an milimèt epesè po a anfle. Yo ka itilize tou yon tès san pou tcheke tibèkiloz
- Yo ka aksepte yon dokiman ki endike yo te fè yon tès PPD oswa yon rezilta tès san ki pwouve yo tcheke tibèkiloz ke yo te fè nan ennan anvan admisyon timoun lan nan lekòl la, oswa 14 jou apre admisyon l nan lekòl la.
- Menm elèv ki te pran vaksen BCG dwe fè tès pou tcheke si l enfekte ak tibèkiloz.
- Si kote elèv la te ale pou swen medikal la detèmine ke tès tibèkiloz la pozitif, li oblije fè yo fè pou li yon evalyasyon medikal ak yon radyografi pwatrin sou 14 jou, epi vini lekòl ann atandan.
- Si toulède rezilta tès tibèkiloz la ak radyografi pwatrin lan pozitif, elèv la dwe ale lekòl. Yo sipoze refere elèv la ba enfimiyè lekòl la, oswa enfimiyè sipèvizè pou distri a pou yo evalye l, e pou fè apres la lòt tretman nesèsè.
Tanpri sonje : Si elèv la pa t fè tès tibèkiloz la menm jou avèk vaksen MMR la oswa nenpòt lòt vaksen ki fèt ak viris vivan, elèv la dwe rete tann 6 semèn avan li fè tès tibèkiloz la. Men elèv la gen dwa ale lekòl ann atandan
- Si yo sispèk elèv la gen yon enfeksyon tibèkiloz ki la men ki poko parèt *Latent tuberculosis infection (LBTI)*, yo rekòmande seryezman pou yo bay elèv la tretman. (Al gade règleman pou tès ak tretman LBTI, Avril 2006 nan <http://www.nyc.gov/html/doh/downloads/pdf/chi/chi25-4.pdf>)
- **LEKÒL AP VOYE ELÈV LA TOUNEN LAKAY LI SI :**
Li pa pote yon dokiman ki endike rezilta tès tibèkiloz la sou 14 jou depi li antre lekòl la.
oswa
Li fèk antre lekòl la, rezilta tès tibèkiloz la pozitif, epi la pa gen dokiman ki endike li te fè radyografi pwatrin avèk evalyasyon sou 14 jou. .

Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele Biwo pou kontwòl tibèkiloz la nan (212) 442-9968.

BIWO REJYONAL PWOGRAM SANTE NAN LEKÒL

Telefòn

Biwo sante nan lekòl Rejyon I –	212-280-9230/1	– Distri 1, 2, 3, 4, 5 ak Distri 6 Depatman Edikasyon
Biwo sante nan lekòl Rejyon II	718-579-6853/54	– Distri 7, 8, 9, 10, 11 ak Distri 12 Depatman Edikasyon
Biwo sante nan lekòl Rejyon III –	718-336-2553x112	– Distri 17, 18, 19, 21, 22, 23 ak Distri 32 Depatman Edikasyon
Biwo sante nan lekòl Rejyon IV –	718-495-0507	– Distri 13, 14, 15, 16, 20 ak Distri 31 Depatman Edikasyon
Biwo sante nan lekòl Rejyon V –	718-520-4950	– Distri 24, 25, 26, 27, 28, 29 ak Distri 30 Depatman Edikasyon

SEPTANM 2009

KONDISYON VAKSINASYON POU TOUT ELÈV

DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK

**Lalwa oblije pou timoun pran vaksen sa yo.
Yo p ap aksepte lekòl okenn timoun ki pa ranpli kondisyon sa yo.**

Pou tout elèv ki gen ant de mwa ak 18 an.

Respè RÈGLEMAN AN

Dosye vaksinasyon yon timoun dwe genyen tout vaksen nou pral di la yo pou yo ka konsidere timoun sa a pwoteje konplètman. Yo sipoze evalye dosye vaksinasyon an selon klas elèv la ap fè pou ane akademik sa a.

<u>GADRI/PREMATÈNÈL</u>	<u>DÒZ</u>
DTaP (Vaksen difteri tetanòs koklich ki fèt ak antijèn) oswa DTP (difteri tetanòs koklich).....	4
<i>Yo dwe bay timoun lan 4yèm dòz la 6 mwa omwen apre 3yèm dòz la.</i>	
OPV (Vaksen viris polyo oral) oswa IPV (viris polyo ki pa aktive).....	3
MMR (lawoujòl-malmouton-ribeyòl).....	1
<i>Jou ki fè timoun nan ennan oswa apre.</i>	
Hib (<i>Haemophilus influenzae b</i>).....	1, 2, or 3
<i>Yon dòz lè timoun lan gen 15 mwa oswa apre Pi pitit ke 15 mwa, 3 dòz, laj li dwe pran dòz yo.</i>	
Epatit B.....	3
Varisèl.....	1
<i>Jou ki fè timoun nan ennan oswa apre.</i>	
<i>Pneumococcal conjugate (PCV)</i>	1, 2, oswa 3
<i>Pou tout timoun ki fèt apati 1ye Janvyè 2008, laj yo dwe pran l.</i>	
<u>MATÈNÈL</u>	
DTaP or DTP.....	4
<i>Yo dwe bay timoun lan 4yèm dòz la omwen 6 mwa apre 3yèm dòz la</i>	
OPV oswa IPV.....	3
MMR.....	2
<i>Jou ki fè timoun lan ennan oswa apre, plis pou yo bay li yon dezyèm dòz yon vaksen ki fèt ak viris malmouton an (paegzanp nou ta pito MMR) 28 jou oswa plis apre premye dòz la epi lè timoun lan gen 15 mwa oswa apre.</i>	
Epatit B.....	3
Varisèl.....	1
<i>Jou ki fè timoun lan ennan oswa apre.</i>	

<u>Klas 1ye ane – 12yèm ane</u>	<u>DÒZ</u>
DTaP, DTP, DT, Td (Vaksen tetanòs-difteri) oswa Tdap (Vaksen tetanòs-difteri-koklich ki fèt ak antijèn).....	3
<i>Yo bay timoun lan yon tip vaksen an dapre laj li.</i>	
Tdap (kòmanse 1ye septanm 2007).....	1
<i>Pou tout timoun ki fèt apati 1ye Janvyè 1994 epi k ap antre klas 6yèm, 7èm oswa 8yèm ane.</i>	
OPV oswa IPV.....	3
MMR.....	2
<i>Jou ki fè timoun lan ennan oswa apre, plis yon dezyèm dòz yon vaksen ki fèt ak viris malmouton (paegzanp nou ta pito MMR) 28 jou oswa plis apre premye dòz la, epi lè li gen 15 mwa oswa apre.</i>	
Epatit B.....	2 oswa 3
<i>Tout elèv nan tout klas.</i>	
3 dòz vaksen epatit B pou timoun OSWA pou timoun laj 11-15 an sèlman, 2 dòz, sou omwen 4 mwa entèval Vaksen epatit B Merck Recombivax* pou adilt. Dokiman pou endike vaksen an dwe di klèman ki tip vaksen ak ki dòz pou yo bay.	
Varicella (Klas 1ye – 10yèm ane).....	1*
<i>Pou tout timoun rive jiska klas 10yèm ane, ki fèt apati 1ye Janvyè 1994, yon dòz jou ki fè timoun lan ennan oswa apre.</i>	
* Mak pwodwi nou itilize yo pa vle di ke Depatman Sante ak Ijyèn Mantal vil Nouyòk andose okenn pwodui.	
* Byenke nou egzije sèlman pou pran yon sèl dòz vaksen, nou rekòmande pou tout timoun pran 2 dòz vaksen ki fèt ak viris varisèl la.	

KONDISYON TANPORÈ

Nouvo elèv ka antre lekòl ann atandan de mwa anvan, lè yo gen omwen dokiman premye seri vaksinasyon yo pran. Dèke yo admèt elèv la sou kondisyon, yo dwe pran lòt vaksen yo jan nou pral di pi ba a, a oswa y ap voye yo tounen lakay yo dapre règleman : (1) pou yo pa kite plis pase de mwa ant premye dòz la ak dezyèm dòz la, epi pa plis pase 6 mwa ant dezyèm dòz la ak twazyèm dòz difteri, polyo, ak epatit B, epi (2) pa plis pase de mwa ant premye dòz ak dezyèm dòz vaksen pou malmouton an, li ta pi bonpou l pran vaksen MMR la.

<u>GADRI/PREMATÈNÈL</u>	<u>DÒZ</u>
DTaP (Vaksen difteri-tetanòs-koklich ki fèt antijèn) oswa DTP (Vaksen difteri-tetanòs-koklich).....	1
OPV (Vaksen ki fèt viris polyo pou bay pa bouch) oswa IPV (Vaksen ki fèt ak viris polyo ki pa aktive).....	1
MMR (lawoujòl-malmouton-ribeyòl).....	1
<i>Jou ki fè timoun nan ennan oswa apre.</i>	
Hib (<i>Haemophilus influenzae b</i>).....	1
Epatit B.....	1
Varisèl.....	1
<i>Jou ki fè timoun nan ennan oswa apre.</i>	
<i>Pneumococcal conjugate (PCV)</i>	1
<i>Pou tout timoun ki fèt apati 1ye Janvyè 2008.</i>	

<u>Jadendanfan/Klas 1ye – 12yèm ane</u>	<u>DÒZ</u>
DTaP, DTP, DT, Td (Vaksen difteri-tetanòs-koklich) oswa Tdap (Vaksen difteri-tetanòs-koklich ki fèt ak antijèn).....	1
<i>Yo chwazi tip vaksen an depann laj timoun lan.</i>	
Tdap (depi 1ye septanm 2007).....	1
<i>Pou tout timoun ki fèt 1ye Janvyè 1994 oswa apre epi k ap antre klas 6yèm, 7èm oswa 8yèm ane.</i>	
OPV or IPV.....	1
MMR.....	1
<i>Jou ki fè timoun nan ennan oswa apre.</i>	
Epatitis B.....	1
Varicella (Klas Jadendanfan – 10yèm ane).....	1
<i>Pou tout timoun jiska klas 10yèm ane, ki fèt 1ye Janvyè 1994 oswa apre, yon dòz jou ki fè timoun lan ennan oswa apre.</i>	

Elèv dwe swiv yon orè pou kontinye pran vaksen yo dapre peryòd nou sot di anlè yo ke yo deside ann atandan. Elèv dwe fin pran tout seri nou endike anlè a pou yo ka an règ avèk lalwa. Yo dwe bay tout elèv ki pa pran vaksen yo pandan peryòd yo deside pou yo pran yo a ann atandan, lèt ki endike yo ranwaye yo lakay yo, epi yo pa dwe aksepte yo lekòl la jiskaske yo mete yo konfòme yo avèk ekzijans nou fè yo.

Pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon oswa pou w konnen kibò ou ka jwenn yon sant pou vaksine pitit ou, rele **311**.